

Rapèl sou Antretyen Nan Kay Nan Sezon Prentan



Deyò kay la

- Netwaye debri nan goutyè yo epi dirije tiyo drenaj yo lwen lakay ou. Enspekte pou chèche domaj, tankou twou oswa fant, epi fè reparasyon.
- Verifye twati kay ou pou wè si gen kawo ki andomaje oswa ki manke. Verifye grenye w' la tou pou wè si gen fwit oswa imidite. Fè yon pwofesyonèl enspekte nenpòt kote ki enkyete w'.
- Mache ozalantou lakay ou pou chèche nenpòt pati deyò ki kraze oswa andomaje oswa mòtye k'ap kraze. Fè reparasyon pou pwoteje kapasite estriktirèl kay ou a.
- Netwaye debri yo nan tout inite èkondisyone w' la. Panse pou pran randevou ak yon pwofesyonèl pou prepare w' pou move tan pandan ete yo.
- Enspekte epi teste machin gazon w' lan. Verifye/chanje lwil la, mete nouvo gaz, verifye filtè, epi file lam yo.

Anndan kay la

- Teste tout detektè lafimen ak detektè monoksid kabòn yo. Ranplase batri ki nan chak inite.
- Netwaye akimilasyon plim ki nan vantilasyon ak tiyo evakyasyon pou machin pou seche rad ou an pou anpeche risk dife.
- Retire pousyè epi netwaye vantilatè plafon yo pou ede rann kay ou fre epi pèmèt van antre.
- Vide epi rense aparèy pou chofe dlo w' la pou retire depo sediman epi ede amelyore efikasite inite a.
- Enspekte tiyo machin a lave yo, evye, ak twalèt la pou chèche fwit. Sere epi repara/ranplase yo jan sa nesesè.
- Enspekte epi netwaye moustikè fenèt ak pòt yo. Verifye bann pwoteksyon kont move tan yo epi fèmen sele espas yo pou konsèvasyon enèji.
- Ale nan chak chanm youn apre lòt epi aktyalize envantè kay ou a. Konsève yon kopi envantè w' la avèk dokiman enpòtan kay ou a.